



Indiana Pregnancy Promise Program

Ankouraje Rekiperasyon nan itilizasyon Opioyid Sipò ak Angajman Matènèl pou Tibebe

Kisa ki Pwogram Indiana Pregnancy Promise la?

Pwogram Indiana Pregnancy Promise la se yon pwogram gratis ak volontè pou manm Medicaid ki ansent ki pran opioyid oswa te pran opioyid nan pase a. Bi Pwogram Pregnancy Promise la se pou patisipan yo:

- Antre nan swen prenatal
- Aksede trètman opioyid ki nesèsè pou reyalize rekiperasyon dirab
- Resevwa sipò kontinye ak swen swivi pou manman an ak tibebe a pandan ak apre gwosès la
- Bay lespwa epi etabli yon fondasyon djanm pou fiti a

Poukisa Pwogram Indiana Pregnancy Promise la enpòtan?

- Defisyans itilizasyon opioyid pandan gwosès ap ògmante nan Indiana ak tout peyi a
- Trètman defisyans itilizasyon opioyid pandan gwosès genyen yon wo to sikse
- Trete itilizasyon opioyid pandan gwosès diminye risk efè ki domaje manman yo ak tibebe yo

Ki moun ki kapab patisipe?

Pwogram Indiana Pregnancy Promise la diponib pou moun ki ansent nan eta Indiana a. Pou yo elijib, fòk patisipan yo satisfè kritè sa yo :

- Ansent oswa rete 90 jou pou gwosès la fini
- Idantifye kòm moun ki itilize opioyid aktyèlman oswa anvan
- Elijib pou oswa resevwa kouvèti medikal Medicaid



Indiana Family &
Social Services
Administration

www.PregnancyPromise.in.gov
Gratis 888-467-2717 | 317-234-5336
PregnancyPromise@fssa.in.gov

Pwogram Indiana Pregnancy Promise



Kisa ki benefis Pwogram Pregnancy Promise la?

- **Koneksyon:** Patisipan nan Pwogram Pregnancy Promise la pral matche avèk yon manadjè dosye. Manadjè dosye yo pral ofri sipò konfidansyèl pandan anwòlman pou asire paran yo ak tibebe yo resevwa swen ak resous yo bezwen pandan ak apre gwosès la pou yo an sante ak byen.
- **Kowòdinasyon:** Manadjè Dosye Pwogram Pregnancy Promise yo pral travay ak patisipan yo ak ekip doktè yo pou kowodone swen epi idantifye resous kominotè pou fanmi yo.
- **Prevansyon:** Lè nou konekte moun ki ansent avèk swen ak trètman medikal pi vit ki posib, Pwogram Pregnancy Promise la ap vize redwi ak anpeche enpak negatif itilizasyon opioyid sou paran an ak timoun nan.

Pou fè rekòmandasyon pou tèt ou oswa yon moun ou konnen,
ale sou www.PregnancyPromise.in.gov, imèl PregnancyPromise@fssa.in.gov,
rele 317-234-5336 oswa rele gratis 888-467-2717.

Piblikasyon sa a sipòte pa Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS) Ministè Sante ak Sèvis Imen Etazini (HHS) kòm yon pati yon alokasyon asistans finansye an total \$5,211,309 avèk 100 pousan ladan li ki finanse pa CMS/HHS. Kontni yo sa se de ekriven an (yo) epi yo pa nesèsman reprezante pwendvi ofisyèl, no andòsman, CMS/HHS, ni Gouvènman Etazini a



Eta Indiana

Administrasyon Fanmi ak Sèvis Sosyal

402 W. WASHINGTON STREET, ROOM W461
INDIANAPOLIS, INDIANA 46204-2739

www.fssa.IN.gov

Administrasyon Fanmi ak Sèvis Sosyal Indiana pa diskrimine sou baz ras, koulè, kwayans, sèks, laj, andikap, orijin nasyonal ni zansèt.
#5933 | April 24, 2023 4:48 PM

IN-MED-M-1895021-CRE